How To Edit In Windows Movie Maker- Bhojpuri

Translated & Dubbed by- Ashish Mall
Contact: 9769588277
E-mail: ashiiishmall@gmail.com

आप लोगन के नमस्कार| C-DEEP आई आई टी बॉम्बे कि तरफ से हम आप लोगन के ई मौखिक ट्युटोरियल में स्वागत करत बानी| ई ट्युटोरियल आपके कौनो विडियो के Windows Movie Maker की मदद से एडिट करे के सिखाई|

Windows Movie Maker जौन की माइक्रोसॉफ्ट विन्डोज़ के एगो घटक हवे, एगो एडिटिंग सॉफ्टवेयर हवे| ई विन्डोज़ के सगरी नवका संस्करण-ME, XP या Vista के साथे उपलब्ध हवे| अगर आपके कंप्यूटर पे ई नाहीं बा त आप एकरा के www.windows.com/download से निशुल्क डाउनलोड कई सकत बानी| आपके एगो हेडसेट औरी स्पीकर के जरूरत पड़ी जेसे की आप विडियो के आवाज़ सुन सकीं|

Windows Movie Maker के चलावे के खातिर एकरा के आइकन पे डबल क्लिक करीं| एसे आपके स्क्रीन पे एगो सादा मूवी प्रोजेक्ट खुली| एकदम ऊपर आपके मुख्य सूची दिखाई देई| एकरे अंदर कई ठो विकल्प होला, जेकरा के हम आगे विस्तार से देखबैं|

स्क्रीन पे बायीं तरफ आपके Movie Tasks Panel , बीच में collection panel, औरी दायीं तरफ display panel दिखायी देई| अगर आप windows movie maker के प्रयोग पहली बार करत बानी त collection panel आपके खाली दिखाई देई| प्रोजेक्ट के खातिर सगरी जरूरी video clips, audio narrations और music files के जब import करल जाला त ऊ collection panel में दिखाई देला| लेकिन अगर आप ई program के इस्तेमाल पहिले कईले बानी त पहिले के इस्तेमाल कईल गईल video और audio clips आपके collection panel में दिखाई देई| सबके एक साथ चुने खातिर CTRL+A दबावल जा|अब कौनो भी clip पे राईट क्लिक करीं औरी delete विकल्प के चुनीं| अब आपके लगे स्क्रीन पे एगो सादा मूवी प्रोजेक्ट बा, आप windows movie maker में जरूरी files के import कई सकत बानी|

मूवी टास्क पैनल में ढेर सारा विकल्प होला| ओमन से मुख्य बा - capture video, edit movie औरी finish movie| एगो और विकल्प होला - movie making tips कै| capture video विकल्प के अंतर्गत आपके Import Video के एगो उपविकल्प भी दिखायी देई| एपर क्लिक करीं| या फिर आप मुख्य सूची में file पे click कईके Import into Collections उप विकल्प के भी चुन सकत बानी| अइसन कईला से Import Video के डायलोग बॉक्स खुल जाई|

ईहाँ पे आप ऊ विडियो के चुन सकत बानी जेकरा के आप एडिट करल चाहत बानी| एकरे खातिर आपके ऊ video के नाम औरी स्थान के दर्शावे के होई| import button पे click करीं|

अब चुनल गईल video के collection panel में आयात होत बा| अगर विडियो के आकार बहुत बड़ा होला त Windows Movie Maker ओके खुद से छोट छोट हिस्सन में तोड़ देला| सबके एक साथ चुने खातिर CTRL+A दबावल जा|अब राईट क्लिक करीं औरी Add to Timeline विकल्प के चुनीं| अइसन कईले से सगरी विडियो क्लिप timeline से वही क्रम में जुड़ जाला जौने क्रम में ऊ collection panel में होला| अगर आप चाहीं त क्लिप के timeline पे एक

एक कई के भी जोड़ सकत बानी| एकरा के खातिर clip के drag कईके timeline पे drop करे के होला| Vista प्रयोगकर्ता कृपया ध्यान देवल जा की Vista में चलावल गईल Windows Movie Maker विडियो के छोट-छोट खंडन में ना तोडेला| ऊ Collection Panel में एकाकी क्लिप की तरह से दिखाई देला| त फिर विडियो पे राईट क्लिक कईके Add to Timeline विकल्प के चुनीं| एसे पूरा विडियो एगो एकाकी क्लिप की तरह Timeline से जुड़ जाला| timeline के ऊपर एगो नीला रंग के आयत के देखीं| एके frame-head कहल जाला| फ्रेमहेड जौन की Time Line पे वर्तमान स्थिति के दर्शाला, डीफॉल्ट से Time Line के शुरुआते में होला| पहिला क्लिप पे क्लिक करीं| पहिला फ्रेम या फिर विडियो के प्रारंभ ईहां display panel में दिखायी देई| जब विडियो प्ले होला त ऊ display panel में दिखाई देला| display panel के नीचे VCR controls पे ध्यान देईं| हम वो कुल्हीन के समझावल शुरू करीं वोसे पहिले फ्रेम हेड के ईहाँ लाईब| पहिला बटन play अथवा pause के होला|

जब ई play mode में होला त फ्रेम हेड आगे कि ओर बढ़ेला| जब ई pause mode में होला त ध्यान देवल जा कि फ्रेम हेड अपने यथा-स्थिती में ही रहेला| दूसर बटन playback के रोके के खातिर होला| जब एपर क्लिक करल जाला त playback त रुक जाला पर फ्रेम हेड timeline के शुरुआत में आ जाला| हम फ्रेम हेड के ईहाँ पे लाईब| तिसरका बटन एक क्लिप rewind करे के खातिर होला| ध्यान देवल जा कि फ्रेम हेड एक बार में एक क्लिप पीछे चल जाला| छटवां बटन एक बार में एक क्लिप fast forward करने के खातिर होला| ध्यान देवल जा कि फ्रेम हेड एक बार में एक क्लिप आगे चल जाला| चौथा औरी पाचवा बटन एक बार में एक फ्रेम rewind औरी fast forward करे के खातिर होला| ध्यान देवल जा की ईहाँ पे फ्रेमहेड एक बार में एक फ्रेम आगे चाल जाला|

ईहाँ पे ई बटन के split बटन कहल जाला| ई बटन कौनो क्लिप के वर्तमान स्थान पर video और audio clips दूनो के दू हिस्सा में तोड़ देला| हम एके समझा के दिखाईब| हम फ्रेम हेड के ईहाँ पे लाइब औरी split बटन पे क्लिक करब| ध्यान देवल जा कि क्लिप अब वर्तमान स्थान पर दू हिस्सा में टूट गईल बा| ई एगो जोरदार editing उपकरण हवे|

अब हम आपके timeline के नक्शा यानी कि layout के समझाइब| timeline के तीन वर्गो में वर्गीकरण होला - Video, Audio/Music, और Title Overlay | Video से जुडल PLUS बटन पे क्लिक करीं| अइसन कईला से video timeline विस्त्रित हो जाला औरी आप Audio Time Line देखले में सक्षम हो जालीं| ई डबिंग के उद्देश्य से उपयोगी होला| हम डबिंग के बारे में पहले ही एगो tutorial में बता चुकल बानी, जेकरा के आप देख सकत बानी| हम minus बटन पे क्लिक कईके video timeline के संकुचित भी कई सकत बानी|
timeline के ऊपर ढेर सारा icon होला जौन editing के लिये सहायक होला| zoom in बटन video timeline के प्रसार कई देला जेसे कि प्रत्येक फ्रेम के एडिट कई सकल जाला|
zoom out बटन video timeline के संकुचित कई देला जेसे कि आप timeline पे संपूर्ण video के देख सकीं| ई बटन rewind timeline बटन हवे| जब आप एके दबावल जाला त फ्रेम हेड video के प्रारंभ में चल जाला| ई play timeline बटन हवे| एपर क्लिक कईले से video display panel में चले लगेला| ई play बटन बिलकुल वोही तरह काम करेला जौन तरह VCR control के play बटन|
WMM के विविध विशेषताओ के बारे में ढेर जानकारी लेवे खातिर movie task panel के विकल्प Movie Making Tips में छान-बीन कई सकल जाला|

जइसन की हम आपके WMM स्क्रीन के आधार भूत layout के समझा चुकल बानी, अब हम timeline पे वापस आवत बानी औरी ई सीखबै कि कौनो video में कौनो खंड कैसे जोडल चाहे हटावल जाला|

video के import कईला के बाद एके शुरू से अंत तक चलावल जा औरी ऊ खंडन पे ध्यान देवल जा, जेकरा के आप एडिट कईल चाहत बानी| हम video के ईहां के कुछ सेकण्ड के हिस्सा के हटावल चाहत बानी| ई खातिर हम फ्रेम हेड के ईहां पे लाइब औरी क्लिप को चलाइब| हम playback के ईहां पे pause करब काहे कि ई वो हिस्सा के शुरुआत हवे जौने के हम delete कईल चाहत बानी|

अब हम split बटन पे क्लिक करब| ध्यान देवल जा कि क्लिप इस स्थान पे दो खंडन में टूट गईल बा| हम प्लेबैक के फिर से शुरू करब औरी ऊ जगह पे pause करब जौन कि डिलीट करे जाई वाली क्लिप के अंत हवे| फिर से ध्यान देवल जा कि क्लिप इस स्थान पे दो खंडन में टूट गईल बा| अब हम क्लिप पे क्लिक कईके एके select करब औरी keyboard पे delete बटन के दबाइब| ध्यान देवल जा कि अगली क्लिप आगे आ जाला औरी पिछली क्लिप के अंत से जुड जाला| movie maker ई खुद से ही कई देला जेसे कि video में निरंतरता बनल रहे| याद रखल जा कि जब भी आप कौनो क्लिप के कोनो भाग के delete करल जाला त video और audio दूनो ही delete हो जाला| ए तरह से आप विडियो से कौनो भाग के delete कई सकत बानी|

अब हम आपके ई बताइब कि कौनो विडियो में कौनो क्लिप के कैसे जोडल जाला| हमरे लगे एगो छोटी सी क्लिप बा जेके हम अपने विडियो में जोडल चाहत बानी| हम import video पे क्लिक कईके वो क्लिप के import करब| ई ऊ file हवे जेके हम import करल चाहत बानी, एकरा खातिर हम एके select करब औरी Import पे क्लिक करब| ए तरह से विडियो के collection panel में आयात होला| ई विडियो अब आपके Collection Panel में दिखायी देई| हम एपे क्लिक कईके एकर चुनाव करब औरी एके drag कईके timeline के ऊ स्थान पे लाइब जहां हम एके रखल चाहत रहलीं| अब हम mouse बटन के छोड़ब औरी ए तरह से क्लिप वर्तमान स्थान पे जुड जाला| कृपया ध्यान रखल जा कि आप कौनो नयी क्लिप के timeline पे कौनो और क्लिप के या तो शुरू में या तो अंत में ही रख सकत बानी, बीच में नाहीं| अगर आप बीच में रखलही चाहत बानी त आपके timeline पे स्थित क्लिप के split करे के होई, औरी ऊहां पे नयी क्लिप के जोड़े के होई| ए तरह से आप विडियो में कौनो खंड जोड़ सकत बानी| ई विधि के प्रयोग दू या दू से ज्यादा विडियो के जोड़े के खातिर भी कई सकल जाला|

हम आपके एगो और विशेषता बतावल चाहत बानी कि कौनो क्लिप अथवा क्लिप के भाग के कौन तरीका से विस्तृत करल जाला| ई विशेषता खास तौर पे डबिंग के लिए महत्वपूर्ण होला| कभी कभी अइसन होला कि आप जौन भाषा में डब करत रहल जाला वोमन कौनो चीज़ की व्याख्या कईला के खातिर विडियो के मूल भाषा से जादा शब्दन कै जरूरत पड़ेला| ऐसे समय पे आपके विडियो क्लिप के टाइम के विस्तृत कईले के जरूरत पड़ेला जेसे की आप विडियो और ऑडियो के समकालिक बना सकीं| खंडन के डिलीट कईले के लिए बताईल गईल विधि के अनुशरण करत ऊ विडियो के सेलेक्ट करीं जेके आप विस्तृत करल चाहत बानी| हम आपके ई कई के बताइब| हम फ्रेम हेड के ईहाँ पे लाइब, विडियो के ईहाँ से split करब, प्ले और pause करब, विडियो के फिर से split करब| clipped भईल हिस्सा के सेलेक्ट करीं, राईट क्लिक कई के copy विकल्प को चुनीं| फ्रेम हेड के ऊ स्थान पे ले जाईं जहाँ पे आप एके paste करल चाहत बानी, फिर राईट क्लिक करके paste विकल्प के चुनीं| वैकल्पिक रूप से आप paste कईला के खातिर CTRL+V भी दबा सकत बानी| ए तरह से हम क्लिप के आवश्यकतानुसार कुछ सेकंड से विस्तृत कई देहलीं| एगो चीज़ हमेशा अच्छी रहेले की आप क्लिप के लम्बे समय तक विस्तृत कई देवल जा औरी एडिटिंग के अंत में अनावश्यक हिस्सा के हटा देवल जा|

आदर्शतः कौनो खंड के माऊस के हिलैले बिना ही चुनल जा नाहीं त पेस्ट भईल क्लिप में भी माऊस के हिलले के बारंबारता होई| एसे दर्शक भ्रमित हों सकत बाने| ए चीज़न के ध्यान हमें कॉपी औरी पेस्ट के समय रखे के चाहीं|

त अब आप लोगन windows movie maker के आधारभूत एडिटिंग विशेषताओं के देखत रहलीं| त अब आप लोग भी इ एडिटिंग विशेषताओं के इस्तेमाल कईके आपन विडियो के एडिट कई सकत बानी|
जइसन कि पहिले भी बतावल गईल बा कि आप कौनो विडियो के एक भाषा से दूसरी भाषा में डब करे वाला tutorial को देखे के चहबै| एक बार आप आधार भूत एडिटिंग औरी डबिंग से सुपरिचित हो गईली त आप एक ठो औरी tutorial देखल चहबै की कैसे कुछ मनोरंजक विडियो effects औरी transitions, titles चाहे credits , ऑडियो या music के अपने विडियो में समाहित कईल जाला| आप हमरे वेबसाइट पे भी जानकारी ले सकत बानी| www.spoken-tutorial.org .
इ वेबसाइट पे मौखिक ट्युटोरियल के making ,एडिटिंग औरी डबिंग से सम्बंधित सगरी जानकारी, सगरी operating sytem के खातिर, उपलब्ध हवे| हमके उम्मीद बा की ई जानकारी आप लोगन खातिर मददगार साबित भईल होई| अब हम आशीष, C-DEEP आई आई टी बॉम्बे की तरफ से आपसे अनुमति लेत बानी| आप लोगन के धन्यवाद|